

Kijan pou kontakte yon espesyalis nan vyolans domestik (DVS)?

Chak Biwo Asistans Tranzisyonèl genyen yon espesyalis nan vyolans domestik:

Rejyon Southeast (Sidès)

Kowòdonatè	(617) 447-3982
Brockton	(617) 459-9230
Fall River	617) 756-5566
Hyannis	(617) 504-6059
New Bedford	(617) 756-7032
Taunton	(617) 869-7419

Rejyon Boston

Kowòdonatè	(617) 447-3985
Boston	(617) 447-3985
	(617) 504-6148
Chelsea Center	(617) 504-5231
Quincy	(617) 447-3986

Rejyon Santral

Kowòdonatè	(617) 447-3728
Framingham	(617) 447-3728
Fitchburg	(617) 504-2973
Worcester	(617) 756-7157
Southbridge	(857) 214-1981

Rejyon Northeast (Nòdès)

Kowòdonatè	(617) 785-9357
Lowell	(617) 785-9357
Lawrence	(617) 756-2449
North Shore	(617) 869-4501
Malden	(617) 780-8971

Rejyon Western (Wès)

Kowòdonatè	(617) 429-1862
Springfield	(617) 429-1862
	(617) 756-0749
Greenfield	(617) 447-3983
Holyoke	(413) 667-7322
Pittsfield	(857) 275-1862

**Tout moun merite
viv an sekirite
Inite Vyolans Domestik**



Si kounye a ou nan oswa te janm nan yon relasyon entim kote oumenm oswa pitit ou yo ap resevwa oswa te resevwa move tretman, menas oswa fè w pè, Depatman Asistans Tranzisyonèl la (DTA) kapab ede w. Chak biwo DTA genyen manm pèsònèl ki gen eksperyans nan domèn Vyolans Domestik.

Espesyalis nan Vyolans Domestik ki pale Panyòl disponib.

Sèvis entèprèt pwofesyonèl disponib pou tout lòt lang.

Pou Enfòmasyon Jeneral sou Inite Vyolans Domestik la, rele:

Liy Asistans Depatman Asistans Tranzisyonèl la nan: 1-877-382-2363
ale sou sitwèb nou an nan www.mass.gov/dta

Aprè lè Biwo rele

SAFELINK

1-(877)785-2020

*Ou menm ak pitit ou yo
Merite viv an sekirite*

Commonwealth Massachusetts



Lis Avètisman

Èske patnè w...

1. Eseye kontwole lavi w?
2. Pa kite w travay, oswa sabote efò w pou travay oswa ale lekòl?
3. Kontwole lajan w?
4. Suiv ou oswa eseye anpeche w ale okenn kote poukont ou?
5. Akize w ke w twonpe li oswa montre konpòtman jalouzi ak kontwòl?
6. Siveye tan w? Itilize teknoloji ak rezo sosyal pou siveye ak kontwole w?
7. Izole w lwen fanmi ak zanmi?
8. Abese w oswa ba w move non?
9. Imilye w an piblik?
10. Fòse w fè bagay ou pa vle fè?
11. Kondi mal lè w nan machine nan?
12. Menase pou fè w mal oswa touye w?
13. Sere medikaman ke w bezwen?
14. Fè vyolans sou ou menm ak/oswa pittit ou yo?
15. Fè w fè sèks lè w pa vle?

Si ou reponn wi pou kèk nan oswa tout kesyon sa yo, ou ka enplike nan yon relasyon abizif

Kisa Vyolans Domestik ye?

Yo pa oblije atake w fizikman pou nan yon

relasyon abizif. Vyolans Domestik (oswa Vyolans konjigal) defini kòm yon modèl konpòtman ki itilize pouvwa pou kontwole relasyon an. Abi a kapab vèbal, emosyonèl, finansye, fizik ak/oswa seksyèl.

Abi Finansye se:

- Kache enfòmasyon epi kontwole desizyon konsènan lajan.
- Pa peye bòdwo, sa ki ka mennen nan degèpisman.
- Pa ede peye lòt depans fanmi an.
- Pa kite w travay
- Tann pyèj pou ka echwe nan travay ou oswa nan efò edikatif ou (pa mank koperasyon tankou refize gadri ak/oswa transpò oswa anmède w nan travay).

Ede w finansyèman sèlman si w fè sa li di w fè.

Pran desizyon pou ale epi jwenn sekirite souvan lakòz ou pèdi sipò finansye ak yon kote pou viv. DVS la pou ede w.

Kijan yon espesyalis nan vyolans domestik (DVS) ka ede?

Espesyalis nan Vyolans Domestik:

Gen eksperyans nan travay ak viktim vyolans konjigal epi konnen ke

abi a se pa fòt ou.

Pral tande w epi ede w detèmine kijan pou pran nan tout sekirite mezi ke ou pare pou pran.

Konnen resous yo ki nan kominote w la epi pral ede w jwenn aksè nan yo.

Pral planifye nan tout sekirite ak ou epi pral enfòme w sou resous pou abri/lojman si w bezwen yon kote sekirite pou ou menm ak pitit ou yo rete.

Kapab ede w elabore yon plan epi pran mezi ki nesèsè pou jwenn otosifisans ekonomik ak/oswa estabilite finansye.

Kapab reponn kesyon ou genyen konsènan sekirite, opsyon ak resous, ak sipò pou timoun. Yo ka ede w tou mande plis tan pou konfòme w ak kèk règ èd Tranzisyonèl pou Fanmi ak Timoun Depandan (TAFDC) akòz abi a. Yo rele sa yon Egzansyon Vyolans Domestik.

Règ sa yo enkli bagay sa yo:

- Pwogram Travay
- Delè
- Règleman lekòl pou paran ki poko gen 20 an
- Koperasyon ak sipò pou timoun